# QARAQALPAQ TILINDEGI “BAS” KONCEPTINIŃ LINGVOKULTUROLOGIYALÍQ ANALIZI

**Q.A.Mámbetálieva,**
*tayanısh doktorant Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.18902931

***Annotaciya**: Bul maqalada qaraqalpaq til bilimindegi eń áhmiyetli somatikalıq birliklerdiń biri bolǵan **“bas” koncepti** lingvokulturologiyalıq kózqarastan analizlengen. Izertlew dawamında “bas” konceptiniń biologiyalıq belgileri, onıń adam anatomiyası menen baylanıslı dáslepki mánileri hám waqıttıń ótiwi menen qáliplesken simvolikalıq, sociallıq hám ruwxıy-mádeniy qatlamları ashıp beriledi.*

***Tayanısh sózler**: koncept, lingvokulturologiya, somatikalıq frazeologizm, bas koncepti, somatikalıq birlik.*

***Аннотация**: В данной статье с лингвокультурологической точки зрения анализируется концепт "бас," являющийся одной из важнейших соматических единиц в каракалпакском языкознании. В ходе исследования будут раскрыты биологические особенности концепта "голова," его первоначальные значения, связанные с анатомией человека, и сложившиеся со временем символические, социальные и духовно-культурные пласты.*

***Ключевые слова**: концепт, лингвокультурология, соматический фразеологизм, основной концепт, соматическая единица.*

***Annotation**: This article analyzes the concept of "head," one of the most important somatic units in Karakalpak linguistics, from a linguocultural perspective. During the research, the biological features of the concept of "head," its initial meanings related to human anatomy, and the symbolic, social, and spiritual-cultural layers that have formed over time are revealed.*

***Keywords:** concept, linguoculturology, somatic phraseologism, head concept, somatic unit.*

Zamanagóy til biliminde “koncept” ataması til arqalı ańlatılatuǵın, insan oy-pikiri hám mádeniy kózqarasın qáliplestiretuǵın tiykarǵı semantikalıq birlik bolıp tabıladı. Hárbir til hám mádeniyat ózine tán konceptual sistemaǵa iye bolıp, bul milliy oy-pikir, sociallıq qádiriyatlar hám tariyxıy tájiriybeler tiykarında qáliplesedi. Usı kózqarastan, qaraqalpaq tilindegi “bas” koncepti til biliminde ayrıqsha ilimiy qızıǵıwshılıq oyatatuǵın quramalı hám kóp qırlı qubılıs sıpatında qaraladı.

Qaraqalpaq tilinde “bas” koncepti xalıq tilinde eń áyyemgi somatikalıq birlik sıpatında qáliplesip, simvolikalıq, sociallıq hám mádeniy-ruwxıy mánilerge de iye. Bas - insan denesiniń áhmiyetli aǵzası sıpatında jámiyette sociallıq status, oy-pikir, danalıq, basshılıq, ar-namıs sıyaqlı túsinikler menen tikkeley baylanısadı.

“Bas” koncepti túrkiy tillerge tán universal belgilerge iye bolıwı menen birge, hárbir xalıq tili hám mádeniyatında ózine tán milliy formalarda kórinedi. Qaraqalpaq tilinde bul koncept xalıqtıń tariyxıy tájiriybesi, diniy isenimleri, sociallıq-mádeniy qádiriyatları menen únles halda qollanıladı.

Solay etip, dúnyanıń tillik kórinisinde “bas” konceptiniń biologiyalıq belgi tárepine lingvokulturolgiyalıq analiz jasaymız:

“Bas” konceptiniń biologiyalıq belgisi degende - eń dáslep insan denesiniń áhmiyetli aǵzası sıpatındaǵı tábiyiy-anatomiyalıq jaǵdayı túsiniledi. Bul belginiń tiykarında qáliplesken mániler, kóbinese, real fizikalıq dúzilis hám funkciyalar menen baylanıslı bolıp, anatomiya, fiziologiya, hám genetikalıq belgiler arqalı tilge kóshedi. Olardıń tiykarǵı semantikalıq ózgeshelikleri tómendegishe kórinedi.

***1.1. Bas - deneniń joqarı bólimi túsinigi*.**

Onıńda *bas-kóziniń saw jeri joq,* shıbın úymelegen. (Q.Mátmuratov). *Bas-kóziniń saw jeri joq* frazeologizmi arqalı insannıń ulıwma awhalı júdá jaman, hár tárepleme qıynalǵan, densawlıǵı joǵalǵan degen mánis berilgen.

Men hayal alǵanman, balalarım bar. Nurlıbektiń ***bası ashıq***, eki jetim qosılıssa, qanday teń juptılar... ( T.Qayıpbergenov).

Bunda qaraqalpaq xalıq mádeniyatında “bas” neke, shańaraqlıq status penen baylanıslı simvol. *Bası baylawlı* - úylengen yamasa turmısqa shıqqan, *bası ashıq* - ele turmısqa shıqpaǵan yamasa kúyewi joq hayal degen sociallıq belgi sıpatında qollanıladı. Solay etip, bul gápte “bası ashıq”- turmıs qurmaǵan, jalǵız hayaldı ańlatadı. Q.Paxratdinov, Q.Bekniyazovlardıń sózliginde 1) ele turmıs qurmaǵan 2) paydalanılmaǵan sıyaqlı mánilerdi bildiredi [1:29]. Al, qazaq tiliniń frazeologiyalıq sózliginde bolsa, 1) ap-ayqın, dawsız, heshkimniń talası joq; 2) bos, heshkimniń ortalıǵı joq, qolı tiymegen sıyaqlı mánileri de keltirilgen [2:57].

Juwmaqlap aytqanda, “bas” túsinigi adamnıń sociallıq roli hám mádeniy ornın belgileytuǵın áhmiyetli simvolǵa aylanǵan. “Bası ashıq” sózi - qaraqalpaq xalqınıń turmısında shańaraqlıq turmıstıń qanshelli qádirli hám áhmiyetli hádiyse ekenin dálilleytuǵın dárek. Sonday-aq, bası ashıq somatikalıq birligine *bası bos* somatikalıq birligi sinonim bolıp keledi. “Bası bos” – heshkim iyelik etpegen, eski úrp-ádet boyınsha erjetken qızdı yamasa eri joq hayaldı birewge atastırmaǵan, bası ashıq qız yamasa hayal [3:384].

***1.2. Bas - aqıl orayı sıpatında.***

Ári túni menen uyqıdan qalǵan, ári hár qıylı islerdiń shırmawıǵına oratılıp, *bası meń-zeń bolıp* kelgen erin Rábiybi attan túsirse de, «maǵan ne bazarlıq ákeldiń?» dep, qorjın-qolanın, qaltaların qarastırdı. ( T.Qayıpbergenov).

*“Bası meń-zeń bolıw”* somatikalıq frazeologizmi aqıl-oy procesi menen baylanıslı bolıp, bunda insannıń ruwxıy hám fizikalıq jaǵdayı, kúndelikli turmıstaǵı mashaqatlar nátiyjesinde sharshaǵanlıq jaǵdayı semantikalıq jaqtan ańlatılǵan. Bul somatikalıq

frazeologizmde – “bas” dominantı arqalı sharshaw, hálsizlik, albırawshılıq jaǵdayın kórinedi.

***1.3. Bas - ómir hám ólim koncepti.***

Qoy shıraǵım, **jap-jas basıń** menen ólimdi aytpa. (S. Bahadirova). *júdá jas basıń menen* “bas” arqalı adamnıń jası, ómiri názerde tutılǵan. Bul jerde jas adamnıń ómiri, jaslıqtaǵı ómirdiń dawamı názerde tutılǵan. Qaraqalpaq xalqınıń barlıqtı milliy qabıllawında til dástúrinde “bas” koncepti tek ǵana dene aǵzasın emes, al adamnıń táǵdirin, ómirin, jasın bildiriwshi belgi sıpatında ónmli qollanılıwǵa iye. Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózliginde *mushtay* sóziniń mánisi kishkene, qurttay, kishkentay, azǵana mánilerin bildirse, al awıspalı mániste jas, kishkene mánilerin bildiredi. Ol mushtayınan qara miynetke shınıqqan adam [3:202]. *Mushtay* sózi menen *jap jas basıń menen* sózleri bir-birine sinonim bola aladı. Sebebi, ekewiniń mánileri de birdey bolıp, jas mánisin bildirip tur.

Tap usı xat meniń **basıma jetedi!** Mınaw Máwlen sarınıń sımpıyıp eriwine qara. (T.Qayıpbergenov).

“Basına jetiw” somatikalıq frazeologizmi quramında “bas” komponenti tiykarǵı simvollıq element sıpatında qollanıladı. “Bas” – tikkeley anatomiyalıq aǵzanı emes, al insan ómiri, táǵdiri, barlıǵınıń orayı. Bul frazeologizm kóbinese, bir shaxstı joq etiw, ómirine noqat qoyıw, oǵan awır zıyan jetkeriw mánisinde qollanıladı. Demek, “basına jetiw” frazeologizmi xalıq oy-pikirinde insan ómiri menen baylanıslı eń keskin jaǵday - apat, ólim yamasa joǵaltıw túsinigin ańlatadı. Bunday birlikler milliy dúnya tanıwda ómirdiń qádirin, táǵdir aldındaǵı insannıń ázziligin hám sociallıq ortalıqtaǵı qáwip-qáterdi simvolikalıq túrde kórsetedi. J.Eshbaevtıń sózliginde bolsa ***basına jetiw*** – óltiriw, joq etiw, ájelge giriptar etiw, óz-ózin ólimge ákeliw sıyaqlı mánilerin bildiredi. Sonday-aq, J.Eshbaev *basına jetiw* frazeologizminiń variantı sıpatında ***basın jutıw*** frazeologizminde keltirgen [4:55]. Jáne de, basın jew frazeologizmi ózbek tilinde kóp miywe beriw sıyaqlı ekinshi mánige de iye [5:81]. Al, qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózliginde bolsa *basına jetiw* – opat bolıw, qurban bolıw, qaza tabıw, óliw mánilerin bildiredi [3:381]. Bunnan kórip turǵanımızday, eki sózlikte de eń tiykarǵı mánisi – ***ólim*** mánisin bildirip tur.

**1.4.** ***Bas mártlik, qurbanlıq hám gúres koncepti.***

Ekewimizdiń birewimiz házir *bas bermesek*, kóp gelle kesilip, kóp kóz jas tógileyin dep tur. (T.Qayıpbergenov).

**“Bas beriw”** somatikalıq frazeologizmi quramında “bas” komponenti oraylıq element sıpatında qatnasıp, ol insan ómiri, janı, barlıǵınıń eń áhmiyetli bólegin ańlatadı. Frazeologizm “ómirin qurban etiw”, “janın pidá etiw” mazmunın bildiredi.

Bul jerde "bas" tikkeley anatomiyalıq aǵzası sıpatında emes, al ómir simvolı sıpatında qollanılmaqta.

***1.5. Bas mensinbewshilik koncepti***

Qulpın buzıp kirip, jáhánnemniń piyanshiklerin jıynap, úyin araqxanaǵa aynaldırǵan **bassınıwına** shıdamay otırǵan Qosbergen: «Sen elde joqpediń, kim ol dawıs shıǵarıp júrgen?» dep, maǵan qaradı, men iyegim menen Nókerbaydı nusqadım. (Sh Seytov).

***Bassınıw*** – mensinbew, mise tutpaw, adam esabına almaw sıyaqlı mánislerdi bildiredi [3:395]. Tiykarınan, bul sóz boysınıw, moyınlaw, ázzilik bildiriw, qorqıp tıǵılıw mánisinde qollanıladı.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq tilindegi "bas" koncepti *milliy dúnyatanıwdıń* ajıralmas bólegi bolıp tabıladı. Ol biologiyalıq determinaciyadan baslap, joqarı mádeniy-simvollıq mánilerge shekemgi ierarxiyalıq sistemanı quraydı. Tekstte keltirilgen *"bası bos"*, *"bası ashıq"* hám *"mushtay"* sıyaqlı sinonimlik qatarlar qaraqalpaq tiliniń frazeologiyalıq sisteması hám sózlik quramınıń ózgeshe milliy boyawǵa iye ekenligin dálilleydi.

Sonday-aq, "bas" konceptiniń lingvokulturologiyalıq analizi qaraqalpaq tili sózlik quramınıń baylıǵın hám xalıqtıń tariyxıy-tájiriybelik bilimi tilde metafora hám simvollar arqalı qalay sáwlelenetuǵınlıǵın ashıp beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Пахратдинов Қ, Бекниязов Қ. Қарақалпақ тилиниң фразеологиялық сөзлиги. – Нөкис.: «Qaraqalpaqstan», 1985. –. 29-б.
2. Қазақ сөздігі (Қазақ тілінің біртомдық үлкен түсіндірме сөздігі) / Құраст.: Н.Уәли, Ш.Құрманбайұлы, М.Малбақов, Р.Шойбеков және т.б. — Алматы: «Дәуір» баспасы, 2013. – 57- б.
3. Қарақалпақ тилиниң тусиндирме сөзлиги. Жети томлық. I том. –Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2023, 384-б.
4. Ешбаев Ж. Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985, 55-бет.
5. Қарақалпақ тили фразеологиясының актуаль мәселелери. Нөкис: «Қарақалпақстан» 2011-ж. 81-б